

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan ngeunaan tradisi manday miboga udagan nyaéta 1) kalungguhan jeung prak-prakan tradisi manday di Kabupatén Majalengka; 2) unsur jeung ajén budaya nu nyampak dina tradisi manday di Kabupatén Majalengka; jeung 3) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA Kelas XII. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta 1) tiori unsur budaya Koentjaraningrat; 2) Ajén budaya nurutkeun Kluckhohn; jeung 3) tiori ngeunaan kritéria milih bahan ajar anu ditétélakeun ku Nasution. Méthode nu digunakeun nyaéta méthode déskriptif analisis kalawan pamarekan kualitatif.

Tina ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén tradisi manday nyaéta kagiatan nyieun pakakas tina waja. Ieu tradisi mangrupa hasil karya manusa nu diturunkeun sacara turun-tumurun. Tradisi manday minangka hiji pakasaban di Désa Gelok Mulya pikeun nyumponan pangabtuh sapopoé. Dina ieu tradisi sok ngayakeun hiji kagiatan dina poé Jumaah Kliwon atawa opat welas dina bulan Mulud. Ieu kagiatan mangrupa ngadu'a nu mangrupa hadoroh jeung sasajén minangka kabarakohan kana pakakas panday beusi tur kasalametan pikeun panday beusi.

Dina tradisi manday ngawengku dua nepi ka tilu jalma pikeun nyieun pakakas panday beusi. Bahan jeung alat pikeun ngahasilkeun pakakas panday beusi nyaéta *pér* mobil, ragaji batu, *as* mobil, *hidrolik* mobil béko, *pinion* mobil, jeung areng. Sedengkeun alatna nyaéta paron, palu, cacapit, *blower*, gurinda, pamotongan beusi (*cutting*) jeung singkup. Dina prak-prakanna aya sababaraha léngkah nyaéta prak-prakan nyieun tradisi manday nyaéta waja dipotong ku pamotongan beusi, waja dibeuleum nepi ka semu beureum siga seuneu biasana dina suhu 250° - 400 °C, waja dibentuk ku cara diteupa, waja disipuh dina panyepuhan pamungkas waja diasah ku gurinda. Sanggeus kitu, hasil barang produksi panday beusi nyaéta bedog, arit, péso, bodem, parang, pahat jeung pahat.

Dina tradisi manday aya unsur jeung ajén budaya nu miboga patalina tur ma'na dina ieu tradisi. Unsur budaya nurutkeun Koentjaraningrat aya tujuh nyaéta sistem réligi nyaéta aya du'a hadoroh, sistém kamasarakatan atawa organisasi sosial ayana gawé bareng antara pupuhu jeung anggota panday beusi, sistem élmu pangaweruh ngeunaan waja diteupa dina 250°C - 400°C, sistem basa nu nyampak dina tradisi manday nyaéta ayana istilah diteupa, dibentuk, disipuh, jeung dipotong, sistem kasenian nyaéta ayana rupa-rupa wangun dina péréh bedog, sistem pakasaban nyaéta tradisi manday pikeun nyumponan pangabutuh sapopoé jeung sistem téhnologi jeung pakakas tangtu dina jaman kiwari ku ayana kamekaran jaman geus geus ngagunakeun pakakas nu *modern*, sedengkeun ajén budaya nurutkeun Kluckhohn yén masalah hakékat hirup (disingget MH) nu ngajéntrékeun ngeunaan yén dina kahirupan téh aya peurih jeung bagjana, hakékat karya (disingget HK) nyaéta tradisi manday salasihiji karya manusa dina nyieun pakakas tina waja, hakékat kalungguhan manusa jeung waktu (disingget MW) tradisi manday miboga mangpaat pikeun mangsa ka hareupna nyaéta generasi saterusna, hakékat hubungan manusa jeung alam sabudeureunana (disingget MA) dina tradisi manday aya bahan nu miboga mangpaat pikeun alam nyaéta lebu areng nu biasana digunakeun dina tutuwuhan anggrék, jeung hakékat hubungan manusa jeung sasamana (disingget MM) dina tradisi manday ayana gawé bareng antara pupuhu jeung anggota panday beusi.

## 5.2 Implikasi

Hasil panalungtikan, pikeun mahasiswa piharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan tradisi nu aya di tatar Sunda jeung unsur tur ajén budaya. Pikeun dunya atikan, hususna guru basa Sunda bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda kelas XII nyaéta matéri maca artikel. Ieu hal bisa jadi hiji cara pikeun ngawanohkeun ka generasi ayeuna jeung satérusna. Lian ti éta, pikeun masarakat umum, dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan tradisi nu aya di tatar Sunda, salasihijina tradisi manday di Kabupatén Majalengka hususna di Désa Gelok Mulya Kecamatan Sumberjaya.

### 5.3 Rékomendasi

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan tradisi manday di Kabupatén Majalengka, aya sababaraha hal nu kudu dijadikeun rékomendasi, nyaéta 1) pikeun mahasiswa dipiharep bisa ngalaksanakeun panalungtikan anu leuwih jero ngeunaan tradisi manday di tatar Sunda; (2) pikeun guru, dipiharep bisa ngawanohkeun deui tradisi nu aya di tatar Sunda ka siswa-siswi ngaliwatan maca artikel; (3) pikeun lembaga-lembaga pendidikan jeung kabudayaan, dipiharep tina ieu panalungtikan bisa diinvéntarisir sangkan bisa dipikawanoh ku nonoman-nonoman dina atikan formal jeung masarakat umum dina kagiatan non formal nu diayakeun ku pamaréntah; jeung (4) pikeun masarakat umum, dipiharep bisa ngamumulé tur ngahirup huripkeun deui ieu tradisi sangkan teu kalindih ku budaya deungeun ku sabab ayana kamekaran jaman.